**Xibaaru yeenekaay**

# Prix Yidan 2025 Yidan moo ngi sargal Mamadou Amadou Ly ngir ay royukaayi njangum ñaari lakk yuy boole ñépp yuy dooleel njang mi ci Afrik Soowu Jant ak Diggu Afrik

**Hong Kong, 29 Sàttumbar, 2025** – Fondasioŋu Prix Yidan ab mbootaayu filantropik monjaal la. Sargal na  Mamadou Amadou Ly, Directeur Executif Associates in Research and Education for Development (ARED), Prix Yidan 2025 buñu jagleel yokkutey njang mi. Raññee nañu Mamadou ci limu dugal loxoom ci dindi gàkk-gàkk yi am ci njang mu manta ñakk ci Afrik Soowu Jant ak Diggu Afrik.



*Jëlug nataal: Lauréeat Prix Yidan 2025 buñu Jagleel Yokkutey Njang mi, Mamadou Amadou Ly*

## Dooleel lifantu bu manta ñakk ak lakki réew mi, ngir ay njuréefi njang

Ci njjitël Mamadou, ARED defar na ay royukaayi njangum ñaari lakk, di jëfandikoo lakki réew mi, yuy indi ay yokkute yu bari ci xarañtéef yu manta ñakk ci liir ak xayma (calcul) bu xale yuy jang ak xale yu dugul ekool. Wone dooley coppite bi am ci njangalem lakk yi xale yi xam boole ko ak lakk yi xale yi wara jang te wone na ab yoonu jëmale kanam ngir njangum ñaari lakk ci Afrik Soowu Jant ak Diggu Afrik. Jumtukaayi jangale ak njangum ARED dañ leen jagleel ay licence te ñépp mën nañ leen jëfandikoo ci Early Learning Resource Network. Liggéeyam bi dëppook askan, cosaan ak aada dafa influencé politiku réew yi ci Senegal, Mauritanie, Gambie, ak li ko wër.

Mamadou Amadou Ly wax na ni: “Prix Yidan buñu jagleel Yokkute ci Njang mi dina mey ARED mu yokk liggéeyam bu baax, di joxe boobu njangum lakk bu dëppook askan wi—sukkandiku ci données yu dëgër yu ñépp mëna jot—mën naa indi ay saafara ci wallum njang te inspirer politig yu ñeel réew mi."

**Yokk impact yi ak ay lëkkaloo yuñuy amal ak ay wey-liggéyandoo ak ressources yuñu ubbi**

Dorothy Gordon, President jury Prix Yidan buñu jagleel Yokkute ci Njang mi, xamle na solo bi réalisation Mamadou am ci adduna bi ci dooleel tolloole ak boole ci njang mi. Wax na ni "Liggéeyu gis-gisu Mamadou Amadou Ly ci wàllum njangum lakk yu bari dafay joxe ay anam yuy ubbil bunt lifantu te jox jangkat yi ay wërsëg ci adduna bi yépp di weyal raññeekaayu lakk ak cosaan. Yoon bii jëm ci ay barabi njang yuy boole te yemale dafay inspiré coppite buñu amal ci njang mi ci Afrik ak li ko wër."

Awa Ka Dia, Directeur u Programme bu ARED, xamle na ni: "Lëkkaloo mooy liy gëna mëna indi ndam, ndax mënu ñu soppi njang mi ak benn nit kese." Niki ab wey-liggéeyandoo bu am solo ci Jëwriñ bi yore Njang ci Senegal, ARED dafay amal ay gëstu yuñuy jëfee tey joxe ay données ngir xamle te dooleel porogaraami njang yi. Di wone liñ ko mëna adapté ak liñ ko mëna doxal ci dayoo bu yaatu, dañuy jëdandikoo ay ressources ARED yu amul fay te ubbeeku ci Mauritanie ak ci Gambie.



*Jëlug nataal: Ndongo yi dañuy bokk ci kalaas bi ci porogaraamu saafara njangum ñaari lakk bu ARED*

**Xam jafe-jafe gi ci nekk ndax gëstu biñ ci amal ak niñuy sosee ay xam-xam**

Sargal naññu Mamadou Amadou Ly ak Prof Uri Wilensky, Lauréat Prix Yidan 2025 ci wallum gëstu ci njang. Uri mooy Profu Lorraine H. Morton ci njangum xarala, Xaralaay Ordinatëër ak Sistem yu Jafe yi ci Northwestern University, te dañ ko sargal ci liggéeyu coppiteem ci wàllum royukaay aju ci liggéeykat yi (ABM), buy dooleel njangum sistem yu jafe te boole

Yidan Prize
一 丹 獎

ARED
ASSOCIATES IN RESEARCH AND EDUCATION FOR DEVELOPMENT

xam-xami mecce yi. Defar na ab jumtukaay ak ab open source bu amul fay, ñu koy woowee NetLogo, ngir yombal nand gu xóot ci mbir yu jafe yi, bawoo ci coppitey jawwu ji, jëm ci mbas mi ba ci koom gu saxul. Ndaw ñi ak gëstukat yi mën nañu jëfandikoo benn jumtukaay bi, di joxe ab language universel ngir wax ci ay mbir yu jafe ci ay contexte njang ak akademi yu wuute.

**Prix Yidan: ab phare buy leeral man-man yi am ci wàllum njang**

Prix Yidan dafay sargal ñi waral coppite gi am ci wallum gëstu ak yokkute ci njang mi te seen liggéey jublu ci ëlëg bu yees, buy soppi ak buy sax. Prof Uri Wilensky ak Mamadou Amadou Ly dinañu bokk ci Konseyu lauréat wu Prix Yidan, ab askanu nit ñu xarañ te bawoo ci gëstu, te sawara lëkkaloo, joxe seeni xalaat ci yoon yuñu jaar ngir sos addina bu gën jaarale ko ci njang. Dina ñu jot 30 miloŋu dolaaru Hong Kong (lu jege 3,8 milioŋu dolaaru Amerik), te xaaj bi ab fonds wu projet la bu amul yemale la buñu teg ngir mëna jot te indi awansma ci seeni xalaatu njang. Lauréat yu Prix Yidan 2025 des na leen sargal ci cérémonie de remise de Prix buñuy amal bisu 6 Desambar ci Hong Kong.

– JEEX NA –

## Karmat ci bindkat yi

Yebbil yeneeni nataal fii.

Jangal factsheet bi ngir am yeneeni leeral ci liggéeyu ARED.

Jangal keyitu lim bu mat bi  ci Dorothy K. Gordon, Président  jury bu Prix Yidan ngir Yokkute buñuy amal ci njang mi.

## Li aju ci Fondasioŋu Prix Yidan

Fondasioŋu Prix Yidan ab fondasioŋ filantropik monjaal la bi nga xamantane liñ ko sant mooy sos adduna bi gën jaare ko ci njang. Ci prix bimu am ak réseau wu yeesalkat yi, Fondasioŋu Prix Yidan dafay jàppale ay xalaat ak ay jëf ci wàllum njang — rawatina, yi nga xamantane dañoo am dooley soppi ay dundu ak aw askan ci anam bu baax.

Prix Yidan mooy dinstinction bi gëna rey ci adduna bi ci wàllum njang, buy sargal ay nit wala ay kuréel yu dugal seeni loxo bu baax ci xalaat ak jëf yu njang mi soxla. Ñaari Prix la am yuy andandoo: Prix Yidan buñu jagleel Gëstu ci Njang mi ak Prix Yidan buñu jagleel Yokkute ci Njang mi. Dañ leen sos ngir ñu nekk ab impact: lauréat wu Prix bu nekk dafay jot ab fonds de projet bu amul yemale bu toll ci 15 miliyoŋu ci dolaaru Hong Kong ci diiru ñetti at, di leen jàppale ñu indi ay yokkute ci seeni liggéey, ak ab médaille d'or ak ab prix ci xaalis bu toll ci 15 milioŋu dolaaru Hong Kong. Fonds projet bi ak xaalis bi dañ leen di seddale ci anam bu yem ci kuréel yi.

**Ngir am yeneeni leeral**, yëral yidanprize.org wala nga jokkook media@yidanprize.org.

Seet ñu ci @yidanprize on Facebook, Instagram, Twitter, ak LinkedIn.

Li aju ci ARED

Associates in Research and Education for Development (ARED) ab mbootaay la budul wut koom bu nekk Dakar, Senegal. Biñ ko sosee ci atum 1990 ak léegi, ARED moo ngi tëral ay mbébétu poragaraamu jangum ñaari lakk ak taggat ay jangalekatngalekat, te dafay siiwal ay téere yuñu bind ci lakk yuñu lakk ci réew yi. Liggéeyam dafay dooleel njangum lifantu ak indi ay yokkute ci tektalu jëfandikoo lakk buñu namp, di influencé coppite yi am ci njang mi ci Senegal ak ci diwaan bu gëna yaatu. Gis-gisu ARED dañ ko jagleel jangkat yi ngir ñu mëna jot ci njang mu baax ci seen lakki bopp di weyal seeni raññeekaayu cosaan te dooleel yokkutey askan wi.